

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina awal taun 2020 jagat sastra Sunda dieuyeuban ku medalna novel *Sasalad* karangan pangarang ngora nyaéta Dadan Sutisna. Éta novel téh sok sanajan téma anu diwangunna sarua jeung karéréaan novel nu kungsi medal saméméhna, tapi dina novel *Sasalad* mah kawilang unik sabab diwangun ku fénomena-fénomena sosial-budaya anu kompleks, ogé ditarung ku tokoh-tokoh nu boga watek mandiri, jeung kaayaan nyata anu karandapan di tatar Garut taun 1919-1930 yén panyakit anu dicaritakeun dina novél *Sasalad* téh saluyu jeung kaayaan ayeuna anu bisa jadi bahan pieunteungeun urang anu keur nyanghareupan sasalad covid-19.

Novel *Sasalad* némbongkeun rasa anu marudah dina nyanghareupan harénghéngna kaayaan sosial-budaya masarakat Garut anu keur pagebug ku *sasalad* pés. Konflik-konflik sosial, kamalaratan, apatis, pangangguran, kadugalan, riributan, krisis kapercayaan ka pamingpin, kasakit nu mahabu, sarta rupa-rupa élmu hideung anu masih kénéh aya dina mangsa harita, kagambar dina novel *Sasalad*. Éta hal téh mangrupa sawangan jeung gambaran idéologi Dadan Sutisna dina nyanghareupan kaayaan sosial jaman kiwari.

Dadan Sutisna téh lahir di Sumedang, gedéna di Kampung Pasirloa, Desa Kadakajaya, Kacamatan Tanjungsari. Mimiti anjeunna daria ngarang prosa nyaéta dina ti taun 1990. Prosa-prosana tuluy meunang pangbagéa, malah saterusna dilélérl sababaraha hadiah sastra diantarana dilélérl hadiah sastra LBSS (Lembaga Basa jeung Sastra Sunda) jeung hadiah pinilih carpon pilihan majalah *Manglé* sarta hadiah Jurnalistik Moh. Koerdi. Lian ti éta Dadan Sutisna gé ngarang carita barudak. Nu sanggeus dibukukeun *Nu Ngageugeuh Legok Kiara* (2001), *Misteri Haur Geulis* (2003), *Rasiah Kodeu Binér* (2010) dilélérl Hadiah Sastra Samsoedi. Salian ti éta, *Sabalakana* nu mangrupa novel déwasa

munggaran Dadan, asup nominasi Hadiah Sastra Rancagé 2014 jeung novelna anu anyar medal nyaéta novel *Sasalad* asup nominasi Hadiah Sastra Rancagé 2021.

Sastra mangrupa gambaran tina kahirupan masarakat sapopoé anu bisa dipatalikeun jeung budaya. Hiji karya sastra bisa dianalisis ku cara ngaguar eusi carita sarta dipatalikeun jeung unsur-unsur di saluareun karya sastra anu aya rambat kamaléna jeung kasang tukang pangarang nu nulis karya sastra. Ieu hal saluyu jeung Isnéndés (2010, kc. 10) anu nétélakeun yén ilaharna eusi karya sastra mangrupa hasil tina pangalaman sarta imajinasi ti pangarangna.

Pikeun neuleuman hiji budaya di masarakat, henteu salawasna kudu turun langsung ka lapangan, tapi bisa ku ngaguar karya sastrana anu bisa dicangking ngagunakeun sawangan-sawangan kabudayaan nu sumebar di masarakatna. Sakumaha ditétélakeun ku Djirong (2014, kc. 215) sastra mangrupa bagian integral anu ngawengku kana bagian kasenian, sedengkeun ari kasenian mangrupa bagian tina budaya. Patali jeung éta hal Éndraswara (2013, kc. 14) nu nétélakeun yén diménsi *phuritas téks* (sastra) némbongkeun ragemna budaya. Sastra modéren saperti novel, puisi/sajak, carpon, jeung drama, ogé sastra heubeul saperti babad, wawacan dongéng, jeung carita pantun, kaasup babasan jeung paribasa, humor, sisindiran, jeung karya sastra séjénna nu mangrupa objék panalungtikan kabudayaan anu beunghar ajéenna.

Ajén-ajén dina novel bisa ditalungtik ngagunakeun antropologi sastra. Antropologi sastra nyoko kana analisis karya sastra dumasar aspék-aspék kabudayaan nu nyampak dina karya sastra (Ayuningtyas, 2016, kc. 3). Novel mangrupa salahiji karya sastra anu ngaimpléméntasikeun caritaan anu bisa matalikeun unsur kabudayaan jeung adat istiadat.

Patalina adat-istiadat jeung kabudayaan téh minangka pola hirup hiji masarakat anu sacara turun-timurun geus aya ti jaman nenek moyang atawa karuhun. Paripolah, kabiasaan, mitos, jeung tradisi nu nyampak di masarakat ilaharna diimajinasikeun ku karya sastra. Ayana éta budaya téh jadi cukang

lantaran sabab musababna masarakat masih kénéh muntang kana kapercayaan karuhun. Ku kituna, muncul ide dina nalungtik éta kabiasaan téh salahijina ngagunakeun pamarekan élmu antropologi sastra. Dumasar kana pedaran saméméhna, objek nu baris ditalungtik nyaéta novel *Sasalad* Karya Dadan Sutisna ngagunakeun ulikan antropologi sastra.

Panalungtikan antropologi sastra digunakeun pikeun nganalisis kabudayaan dina karya sastra sacara antropologis. Pentingna analisis unsur kabudayaan dina karya sastra dijéntrékeun ku Sudikan (2007, kc. 13) yén antropologi sastra mutlak diperlukeun salaku babandingan kana psikologi jeung sosiologi sastra. Salian ti éta, antropologi sastra ogé diperlukeun minangka kabeungharan kabudayaan warisan ti karuhun anu patalina jeung tradisi, adat-istiadat, mitos ogé kajadian-kajadian mangsa heubeul atawa mangsa katukang anu geus kaliwat. Antropologi sastra kabagi jadi opat unsur, di antarana; 1) mangsa heubeul, nyaéta mangsa anu geus kaliwat atawa geus kajadian sarta moal mungkin kajadian deui nu aya dina jero caritaan; 2) kaarifan lokal, nyaéta rupa-rupa kaayaan budaya nu hirup di masarakat sarta dipikawanoh, dipercaya, ogé diaku jadi élémén-élémén penting pikeun maheutkeun kohési sosial di tengah masarakat nu aya dina jero caritaan; 3) folklor (tradisi lisan jeung sastra lisan), nu aya dijero caritaan; jeung 4) mitos, nyaéta legénda atawa kapercayaan masarakat dina mangsa nu dicaritkeun (Ratna, 2011, kc. 79).

Pikeun nganalisis novel henteu wungkul ngagunakeun pamarekan antropologi sastra. Dina prakna analisis dideudeulan ku pamarekan struktural. Isnéndés spk. (2018, ke. 78) nétlakeun yén strukturalisme nyaéta pamarekan ngeunaan karya sastra anu sipatna otonom. Wangun unsur novel dianalisis tina struktur sastra kalayan ngagunakeun pamarekan struktural Robért Stanton anu ngawengku téma, fakta carita (galur, palaku jeung watek, sarta latar), jeung sarana sastra (judul, puseur implengan, jeung gaya basa).

Novel *Sasalad* karya Dadan Sutisna dipilih jadi objék ulikan dina ieu panalungtikan, ku sabab ieu novel miboga masalah-masalah sosial anu kawilang

jembar ngeunaan kacinta nu teu saat, élmu kadugalan, riributan, élmu hideung, kasakit nu mahabu, ogé rupa-rupa kajadian anu ahéng pagaliwota jeung karipuh jalma leutik dina alam kolonial. Alesan séjén nu jadi dadasar dina milih ieu bahan di antarana: 1) unggal bagian carita miboga hal unik jeung *kompléks* ngeunaan *Sasalad*; 2) eusi carita réa ngabahas ngeunaan kabiasaan-kabiasaan nu jadi budaya di masarakat; jeung 3) ngandung unsur-unsur antropologi sastra.

Salian ti éta, panalungtikan ngeunaan antropologi sastra téh kawilang anyar. Sanajan kawilang anyar jeung jarang, kiwari aya sababaraha panalungtikan anu sawanda jeung ieu panalungtikan, di antarana: "Sajrone Novel *Sirah Anggitane* A.Y Suharyono (Tintingan Antropologi Sastra)" nu ditalungtik ku Devita Kristian dina taun 2014; "Kajian Antropologi Sastra Cerita Rakyat *Datumuseng dan Maipa Deapati* (Anthropology of Literature Analysis Datu Museng Dan Maipa Deapati Folklore)" nu ditalungtik ku Salmah Djirong dina taun 2014; "Kajian Tradisi Lokal pada Novel *Jatisaba* karya Ramayda Akmal dalam Perspektif Antropologi Sastra" nu ditalungtik ku Binti Hidayah dina taun 2014; "Nilai Budaya pada Novel *Gugur Bunga Kedaton* karya Wahyu H.R: Kajian Antropologi Sastra dan Implementasinya dalam Pembelajaran Sastra di SMA" nu ditalungtik ku Dian Ayuningtyas dina taun 2015; "Travel Writing sebagai Inovasi Pendidikan pada Novel Etnografi *Manusia Langit* karya J.A. Sonjaya" nu ditalungtik ku Dina Purnama Sari dina taun 2016; "Analisis Antropologi Sastra Naskah Drama "Pesugihan Nayan Tula" karya Afrion" nu ditalungtik ku Putri Afrianty dina taun 2017; "Tradisi Munjung di dalam Pesta Pernikahan Adat Jawa di Desa Air Panas Kecamatan Pendalian IV Koto Kabupaten Rokan Hulu" nu ditalungtik ku Dyah Lupitasari dina taun 2017, "Kajian Antropologi Sastra dalam Cerita Rakyat Kabupaten Banyuwangi pada Masyarakat Using" nu ditalungtik ku Lutfi Irawan Rahmat dina taun 2019; "Kebudayaan Pesisir dalam Antologi Cerpen *Ziarah Bagi yang Hidup*: Kajian Antropologi Sastra" nu ditalungtik ku I Nyoman Suaka dina taun 2019.

Bébédana panalungtik saméméhna jeung ieu panalungtikan téh nyaéta jenis karya sastra nu dianalisisna sabab ieu skripsi mah objék panalungtikanna tina novel Sunda, sarta ngajembarkeun sababaraha struktur téks ngeunaan antropologi sastra dumasar kana kabudayaan nu aya di masarakat ogé kapercayaan kana ajén mistisna.

Pentingna ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun mikanyaho hal-hal ahéng nu dianggap mistis, ogé kabiasaan masarakat alam harita dina novel Sunda, hal séjén anu perlu dipikanyaho nyaéta yén unsur antropologi kacida gedé pangaruhna pikeun masarakat, salian ti éta ieu panalungtikan mibanda pangaweruh jeung kamandang anu anyar dina hal magis jeung mistis anu kadang dianggap henteu réalis sarta jauh ti agamais, sangkan pamaca bisa ngabédakeun hal négatif atawa hal positif dina hal-hal magis nu aya di masarakatna. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan kalayan judul “Novel *Sasalad* Karya Dadan Sutisna (Ulikan Struktural jeung Antropologi Sastra)”.

1.2 Rumusan Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan bisa diulik ngagunakeun rupa-rupa pamarekan di antarana struktural jeung antropologi sastra. Rumusan masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti ieu di handap.

- 1) kumaha struktur carita (téma, fakta carita jeung sarana sastra) anu nyampak dina novel *Sasalad* karya Dadan Sutisna?
- 2) kumaha unsur antropologi sastra anu nyampak dina novel *Sasalad* karya Dadan Sutisna?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum ieu panalungtikan dilaksanakeun kalayan miboga tujuan pikeun ngadéskripsiéun struktur carita anu aya dina novel *Sasalad* karya Dadan Sutisna, sarta diulik ngeunaan unsur-unsur antropologi sastra. Satulunya

didéskripsiéun hal-hal anu patalina jeung unsur antropologi sastra anu nyampak dina jero caritaan novel.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsiéun;

- 1) struktur carita (téma, fakta carita, jeung sarana sastra) anu nyampak dina novel *Sasalad* karya Dadan Sutisna;
- 2) unsur antropologi sastra anu nyampak dina novel *Sasalad* karya Dadan Sutisna.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ku dilaksanakeun ieu panalungtikan, dipiharep bisa digunakeun salaku dasar pikeun mikaweruh kana unsur-unsur antropologi sastra anu aya dina karya sastra sarta nambahán kabeungharan panalungtikan dina ulikan sastra, hususna anu ngagunakeun ulikan antropologi sastra. Hasil tina ieu panalungtikan bisa kapaluruh ngeunaan struktur carita sarta budaya masarakat dina salahiji karya sastra.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan dipihareup miboga mangpaat pikeun masarakat umum, saperti ieu di handap;

- 1) pikeun nu nalungtik, dipiharep nambahán paélmuan nu keur ditalungtik sarta mikanyaho analisis antropologi sastra nu kapanggih dina novel *Sasalad* karya Dadan Sutisna;
- 2) Pikeun masarakat umum, dipiharep ieu panalungtikan bakal ngajembaran pangaweruh masarakat kana kasastraan hususna dina ulikan struktural jeung antropologi sastra. Tur bisa jadi pangdeudeul pikeun panalungtikan nu sajenis;
- 3) Sarta hasil ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran pangaweruh hususna dina ajén atikan sarta pangaruhna kana kahirupan sapopoé.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina ieu skripsi, ngawengku lima bab, nyaéta kieu,

BAB I Bubuka. Dina ieu bab medar ngeunaan kasang tukang masalah, idéntifikasi masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan nyusun skripsi.

BAB II Ulikan Pustaka. Ngawengku; strukturalisme, antropologi sastra, novel jeung kamekaran novel Sunda. Salian ti éta, dina ieu bab ogé medar ngeunaan panalungtikan-panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir.

BAB III Métode Panalungtikan. Nu eusina; désain panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, data, jeung sumber data.

BAB IV Hasil jeung Pedaran. Dina hasil panalungtikan nyaéta; ngadéskripsikeun ngeunaan struktur carita jeung antropologi sastra dina novel *Sasalad* karya Dadan Sutisna.

BAB V Kacindekan jeung Saran. Eusina ngeunaan saran jeung rékoméndasi tina hasil panalungtikan ngeunaan hal-hal anu patali jeung panalungtikan ka hareupna.